



Pou Piblikasyon Imedya: 23/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU KONSÈVE 30 POUSAN TÈ AK DLO DISI 2030

Lejislasyon (S.6191A/A.5390B) fikse objektif konsèvasyon pou ankouraje biyodivèsite ak prezève tè ak dlo

Sipòte objektif nasyonal pou Inisyativ "America the Beautiful" (Bèl Etazini an) ke Prezidan Biden te etabli

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (A.5390B/S.6191A) ki fikse objektif pou sipòte ak kontribiye nan efò nasyonal pou konsève omwen 30 pousan tè ak dlo Etazini yo an 2030. Lejislasyon sa a pral ankouraje biyodivèsite epi prezève bèt sovaj, forè ak sous dlo pwòp New York yo, ke yo tout esansyèl pou sante ak ekonomi New York la.

"Nouyòkè yo konte sou dlo pwòp nou an pou rekreyasyon, forè pou bay abita bèt sovaj, ak espas deyò pou travay ak avanti", **Gouvènè Kathy Hochul te deklare**. "Li pi enpòtan pase avtan pou pwoteje resous sa yo epi fikse objektif pou konsève 30 pousan tè piblik yo dis 2030 pral asire n ap pwoteje Eta nou an pou jenerasyon k ap vini yo."

Lejislasyon S.6191A/A.5390B etabli objektif la epi li egzije Depatman Transpò a; Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) pou devlope estrateji ak yon metodoloji pou atenn objektif la pandan y ap kolabore ak yon gwo gwoup moun ki gen enterè konsène. Efò sa yo pral bati sou efò konsèvasyon Eta a ki egziste deja.

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Lè li te siyen lejislasyon 30x30 jodi a, Gouvènè Hochul te bay anviwònman an yon gwo kado ki pral dire lontan apre Jou Ferye yo. Mwen remèsye inonbrabl defansè anviwònmanal yo ki te fè 30x30 vin yon priyòrite ak Gouvènè a paske yo te asire ke New York ede dirije nasyon an ankò sou pwoblèm konsèvasyon tè ak dlo, kontinye long eritaj fyè nou an nan pwoteje tè piblik yo pou itilizasyon ak jwisans alavni. Ekosistèm mondyal ak nasyonal nou yo fè fas ak defi ekstrèm akòz rezilta chanjman klimatik kounye a ak nan ane k ap vini yo. Nan Etazini sèlman, 404.685 kawo tè pèdi chak ane nan devlopman, pandan ke globalman, 1 milyon espès kounye a nan risk pou yo disparèt akòz pèt abita. Pandan chanjman

klimatik yo ap kontinye ogmante frekans dezast natirèl yo, rezistans klima natirèl yo pral kle pou ede bese enpak devastatè evènman move tan sa yo."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul lè li siyen pwojè lwa sa a an lwa, ki konplete efò konsèvasyon kontinyèl Eta a epi ki vize konsève 30 pousan nan peyizaj la anvan 2030, pou ede pwoteje abita mondyal enpòtan yo epi reyalize objektif klimatik New York yo. Pandan eta New York mete tèt ansanm ak kòlèg nasyonal ak entènasyonal li yo pou avanse objektif sa a, DEC espere travay ak piblik la ak patnè nou yo pou aplike travay enpòtan ki gen pou vini an epi bati sou eritaj pwoteksyon anviwònman nou an pou benefis jenerasyon kap vini yo."

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Pandan n ap pwoche nan yon nouvo ane, nou sonje Eta New York ap fè gwo pwogrè pou pwoteje anviwònman nou an nan kad lidèchip Gouvènè Hochul. Nou pa ka tann pou nou travay yon fason agresif pou konsève tè ak dlo nou yo epi elaji aksè ak rekreyasyon deyò pandan n ap atenn objektif sa a nan sèt ane."

Bill Ulfelder, ki se Direktè Egzekitif The Nature Conservancy nan New York la deklare, "The Nature Conservancy felisite Gouvènè Hochul ak patwon pwojè lwa yo Manm Asanble Fahy, ak Senatè Kaminsky pou lidèchip konsèvasyon fèm yo. Pandan resous natirèl nou yo ap fè fas ak menas k ap grandi tankou chanjman klimatik, devlopman, ak ensèk nuizib ak patojèn anvayisan yo, lwa sa a pral ogmante vitès ak echèl pwoteksyon, restorasyon, ak konsèvasyon atravè New York. Nouvo objektif 30 pa 30 sa a pral ranfòse travay kolaborasyon pou konsève abita bèt sovaj yo, amelyore sante forè yo, pwoteje fèm fanmi lokal yo, elaji aksè ak pak ak prezèvasyon nati yo, epi pwoteje dlo pwòp nou yo. Nature Conservancy kontan anpil pou l kreye patenarya ak lidè eta yo, pèp endijèn yo, fèmme yo, ajan forè yo, pechè yo, chasè yo ak lòt moun pou kreye yon plan konsèvasyon solid nan avantaj tout Nouyòkè yo."

Prezidan Lig Konsèvasyon Elektè New York (New York League of Conservation Voters), Julie Tighe, te deklare, "Kriz konpetisyon chanjman klimatik ak pèt divèsite biyolojik la mande aksyon kounye a, e se egzakteman sa Gouvènè Hochul te bay lè li te siyen pwojè lwa 30x30 lan epi mete New York sou wout pou li pwoteje 30% tè ak dlo eta a dis 2030. Lig Konsèvasyon Elektè New York yo salye Gouvènè Hochul pou lidèchip anviwònmanal solid li ansanm ak Senatè Todd Kaminsky ak Manm Asanble Patricia Fahy pou efò san relach yo fè pou pran mezi sa a atravè lejislati a ak nan liy final la. Kounye a, li lè pou lòt eta yo suiv direksyon New York epi fè sa vin yon vrè efò nasyonal."

Kim Elliman, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan Enstiti Espas Lib la, te deklare, "Pwoteksyon tè estratejik pwouve li se yon zouti efikas nan pwoteje resous natirèl presye eta a yo pou lè pwòp ak dlo potab, opòtinite lwazi elaji, sipò pou bèt sovaj, ak pwoteksyon klimatik. Lejislasyon '30 pa 30' ki fèk siyen an bay priyorite konsèvasyon kounye a ak alavni. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou angajman

li nan pwoteje tè yo ak tout sa li founi - anvan li pèdi pou tout tan."

Carter Strickland, ki se Direktè Trust for Public Land nan rejyon Mid-Atlantik lan ak Eta New York, te deklare, "Trust for Public Land bat bravo pou Gouvènè a ak Lejislati a paske yo te adopte sib klè sa a pou pwogram resous natirèl New York la epi paske yo te montre ke eta yo kapab dirije nan adopte estanda entènasyonal emèjan sa a. Mete akote zòn sovaj yo pèmèt moun ak lanati rechaje, epi etid syantifik ak ekonomik nou yo montre ke tè ak zòn maren konsève yo benefisye kominote nou yo lè yo bay opòtinite lwazi, pwoteje dlo pou nou bwè, pwoteje nou kont chanjman klimatik, epi asire pwodiksyon manje lokal yo."

Direktè Politik Prensipal pou Audubon New York, Erin McGrath, te deklare, "Zwazo yo ap di nou ke pèt abita yo ak chanjman klimatik yo se de nan pi gwo defi yo ap fè fas ak yo, epi nou dwe reponn ak apèl yo nan konsève 30 pousan nan tè nou yo ak dlo nou yo disi 2030. Konsève oswa retabli yon pwopòsyon nan abita pral ede nou sispann deklinal nan biyodivèsite, pwoteje fonksyon ekosistèm yo, ak ogmante rezistans nan chanjman klimatik - e 30 pousan se estrik minimòm ki nesese pou zwazo ak moun yo pwospere. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te siyen lejislasyon enpòtan sa a an lwa, ak Manm Asanble Fahy ak Senatè Kaminsky paske yo te defann pwojè lwa sa a. Nou pa ka tann pou nou fè patenarya ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la, kòlèg nou yo nan kominote konsèvasyon anviwònman an, ak Nouyòkè yo atravè eta a pou konsève resous natirèl nou yo pou zwazo ak moun yo."

Direktè Pwogram Prensipal Alyans Fidisi Fonsyè a, Meme Hanley, te deklare, "Pwoteje 30% tè ak dlo New York yo disi 2030 pral bay plis aksè ekita al aktivite deyò, sipòte pwodiksyon manje lokal, ofri rediksyon risk inondasyon, bese tanperati ete yo patikilyèman nan zòn iben yo epi adrese kriz biyo divèsite a. Avèk sinyati pwojè lwa sa a, Gouvènè Kathy Hochul ak New York montre yon lòt fwa ankò lidèchip yo pou pwoteje Nouyòkè yo kont efè chanjman klimatik yo. Alyans Fidisi Fonsyè (Land Trust Alliance) a bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul, Manm Asanble Patricia Fahy ak Senatè Todd Kaminsky paske yo defann pwoblèm enpòtan sa yo. Alyans lan ak kominote fidisi New York la rete pare pou ede nan planifikasyon efò yo epi nan ede atenn objektif la."

Ned Sullivan, Prezidan Scenic Hudson lan, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen pwojè lwa 30 x 30 la pou vin tounen lwa, ki bati sou bilan anviwonmantal eksepsyonèl li a. Nou felisite patwon lejislatif pwojè lwa a yo, Manm Asanble Pat Fahy ak Senatè Todd Kaminsky, ansanm pou kontinye kolaborasyon ant pouvwa egzekitif la ak branch lejislatif la pou atenn objektif anviwònmantral enpòtan eta a. Sa pral poze baz pou yon angajman kontinyèl pou prezève tè yo nan New York pou biyodivèsite, rezistans klimatik, prezèvasyon tè agrikòl ak rekreyasyon deyò. Scenic Hudson rete pare pou fè patenarya pou sipòte mezi sa a nan Hudson Valley."

###

